

BAHAN KURSUS MC BAHASA JAWA
DESA TIRTOMARTANI, KALASAN, SLEMAN

KAWRUH SAHA TULADHA PRANATACARA

Suwardi
FBS Universitas Negeri Yogyakarta

Sabtu 17 Juni 2006

A. Kawruh Madeg Pranatacara

Saderengipun ngayahi pranatacara, manut Sugiyo (2000:1) kejawi perlu nyawisaken cathetan ingkang cekak aos, kedah nguwaosi kawruh solah bawa muna-muni ingkang trep. Maksudipun, saben jangkah, saben tembung, saha saben patrap pranatacara tansah dados kawigatosan para tamu. Solah bawa menika sikap ingkang kaperbawan saking raos. Solah bawa muna muni kedah sumeh, boten prengat-prengut, kogel, lan cugetan. Muna-muni menika gegayutan kaliyan anggenipun ngeculaken tembung, kedah ingkang sarwa nyondhongi karsa. Sak tembung badhe nggaret ati menawi kirang pas. Suwlaikipun sak tembung ugi saged muwuhi tiyang sanes remen ingkang boten wonten tandhingipun.

Dados pranatacara, swaranipun kedah dipungladhi kanthi temen tur ajeg, tegesipun boten klemak-klemek. Menawi perlu dipunrekam rumiyin, lajeng dipunrungkaken .piyambak. Amrih dipunngerteni pundi swanten ingkang kirang saha ingkang kebablasen. Malah wonten saenipun, tiyang sanes supados ngritik utawi paring panyaruwe. Menawi sedaya wau saged dipuntindakaken, saboten-botenipun badhe kadhapuk swanten ingkang sae. Suharjendra (1995:12) nedahaken bilih pranatacara kejawi kedah nguwaosi patrap saha busana, ugi perlu nggladhi swanten supados:

- (a) kung (gandem-marem),
- (b) boten ngelik,
- (c) membat-mentul (boten monoton),
- (d) dudu swara lugas (mlaha), ning ya boten "dipundamel-damel",
- (e) sampun kekathahen pedhotan (ee ...),
- (f) boten swara bindheng,

(g) boten grothal-grathul.

Kejawi saking menika, Suharjendra (1995:13) ugi nandhesaken bilih sikap, solah bawa, patrap nalika majeng mranatacara prayogi nggatoskaken tatakrama makaten:

(a) napas boten megap-megap, landhung,

(b) boten (nyebul) mikrophon (dipunthuthuk-thuthuk),

(c) mikropon dipuncikel tangan tengen, tangan kiwa pas ngisor dhadha,

(d) menawi mikropon dipunpasang ing cagak, tangan saged ngapurancang,

(e) anggenipun ngadeg ingkang tegap, jejeg (boten modhel standhar pit), janggut katarik sakedhik, boten kekathahen gerak, ndumuki klambi, mbenakmbenakaken bebet, nyowang-nyeweng klambinipun piyambak,

(f) boten gugup, kagetan, luwes,

(g) boten wigah-wigih, boten rongeh, boten edheg, boten gumeter, atinipun dipunsarehaken, dipunmenebaken, saenipun kembang turi melok-melok, ra perduli tiyang alok-alok, sega wadhang sisane sore kudu percaya awake dhewe.

(h) ngadeg ing pojok, boten:cedhak-cedhak sanget dhateng tamunipun,

(i) sumeh, renyah, miluta,

(j) menawi saweg wonten ingkang ngendika, sampun nglungani,

(k) tangan ngapurancang, boten methentheng (malang kerik), tangan boten mlebu sak, kukur-kukur, ndumuki irung, tangan sampun dipunbanda,

(l) prayogi golek kanca

(m) kedah tangguh, saguh, mrabawa, mrantasi karya.

Saking pamanggih ing nginggil, nedahaken bilih estunipun jejering pranatacara menika mbetahken olah swanten saha patrap ingkang cundhuk kaliyan kawontenan.

Pranatacara sak obah-obahipun temtu dados punjering kawigatosan. Mangka mripat menika langkung awas ketimbang kamera. Kanthi makaten, saradan-saradan perlu dipunkirangi supados boten dipunapali tamunipun. Sedaya tembung dipuntata, dipunwiwiri, dipunpilih ingkang saestu damel ngungrum saha ngengrenging swasana. Kasil botenipun adicara, sangangdasa persen gumantung cecawisipun pranatacara.

B. Pranatacara ingkang Jumbuh Tangguh Ora Mingkuh

Manut pamanggihipun Sarwanta (2000:1) pranatacara menika kejawi njagi trapsila, kedah saged nglasaken (jumbuh) kaliyan kawontenan. Pranatacara perlu nguwaosi patrap saha pangucap ingkang tangguh ora mingkuh. Liripun, kedah saged matrapaken dhiri, ngecakaken kagunan Jawi kanthi trep ugi njagi kawibawaning agesang. Kanthi pamanggih makaten, kasinggihan sanget menawi madeg pranatacara kanthi lambaran jumbuh tangguh ora mingkuh.

Sasaged-saged, poranatacara saged nguwaosi jumbuh. Jumbuh ateges trep, pas, nyocogi, kakkosdene sesotya kaliyan embanan. Antasampunipun pranatacara kaliyan tamu kedah jumbuh, menapa malih kaliyan manten saha pamangku gati. Sauger kirang jumbuh, mangke badhe keraos cemplang. Pramila, anggenipun nata swasana kedah mawi paugeran budaya Jawi. Upaminipun, gendhing, beksa, tembung prrayogi boten kaot tebih sanget.

Jumbuhing swasana, mbetahaken pranatacara ingkang tangguh. Tangguh ateges boten gampil miyur. Menawi badhe majeng asring pranatacara dipunpengaruhi tiyang kiwa tengenipun. Kadhangkala mawi padudon, upaminipun bab cakriking pahargyan.

Pramila sanga kabudayan saha nalar kedah dipuncepengi saestu amrih boten gigrig ngadhepi swasana menapa kemawon.

Tanggung, boten ateges kaku, lajeng boten kenging dipunowahi pemanggihipun. Tangguh menika satunggaling kapitayan ingkang nalar mulur. Menawi sampun majeng, boten mokal mangke lajeng dipunlokaken dening tamu, menawi lajeng ngendhelong, menika ateges kirang tanggung. Tangguh ugi saged nuwuhaken raos cepet nanggapi kawontenan. Cepet anggenipun ngewahi swasana, sauger laras.

Tanggung ingkang merbawani, saged nuwuhaken raos ora mingkuh. Ora mingkuh, ateges temen tinemu. Boten gampil kagiyur dhateng pakecapan sanes ingkang kadhang mblondrokaken. Ora mingkuh saestu gaman ingkang saged nuwuhaken raos teteg. Saged ugi tiyang sanes lajeng plong, menawi ora mingkuh wau dipungelar. Pamila saking menika pranatacara ora mingkuh sisip sembiripun lajeng saya pinitados tiyang sanes, kepara malah dados paran pitakenan.

Supados saged ngugemi gegebengan jumbuh tanggung ora mingkuh, pranatacara perlu ugi nggatosaken bab pandeleng saha boten ngambra-ambra (Atmasandjaja, 2003:16), Salwiring patrap saha ebah ewahing badan pranatacara tansah kagatosaken dening sagung tamu. Pramila saking menika, titi laksana kedah kajumbuhaken kaliyan wekdal ingkang sumadhiya. Pramila wonten bab ingkang perlu kagatosaken dening pranatacara, inggih menika: (a) boten ngematkaken salah setunggalipun tamu, (b) menawi natap "rata-rata air", pucukipun rambut, (c) boten jlalatan, (d) boten ndhingkluk kemawon, (e) pamawas tajem jatmika, kedhep liringe mripat ngenaki ati, boten penthelang-pentheleng, (f) kadhepe biasa kemawon.

Kedhep liringing mripat menika tansah dados punjering kawigatosan para tamu. Mila dados pranatacara kedah wasis olah semu. Liringing mripat kadamel ingkang nejem tur boten damel tiyang sanes runtik. Tiyang menika saged kabatang pribadinipun menawi dipuntingali saking liringing mripat. Kanthi makaten perlu ngatos-atos mbuwang lioring dhumateng para tamu.

Penganggo menika penting sanget, prayoginipun pranatacara kedah: (a) besus, pas (boten kegedhen-keciliken), trgerii cak-cakanipun cara Jawa (cara Yogya napa Solo), (b) milih kelir ingkang pas kaliyan pakulitanipun, (c) boten perlu kakeyan asesori, (d) boten kakeyan wangi-wangian, (e) pupur salarapan kemawon, boten sah merok-merok lan menger-menger (Atmasandjaja, 2003:19). Wosipun pamanggih makaten gadhah pepenginan bilih madeg pranatacara menika perlu ngadisarira ingkang besus, awit ajining sarira saka busana.

Pengagem ingkang cocog badhe nambahi wibawa. Prayogi sanget yen ngagem busana dipuntiti saestu, supados gambar utawi bathikaning jarit boten kuwalik-walik. Yen ngantos kuwalik, menika badhe damel lingsem, senjata swantenipun sae. Lajeng bab saradan ndudat-ndudut klambi, mbenak-mbenekaken keris, ngingar-inger blangkon lan sapiturutipun dipunkirangi.

Anggenipun ngetrapaken basa, pancen kedah mirunggan. Ing antasampunipun kedah: (a) boten ngginakaken basa padinan, kejawi menawi kangge banyolan, mangga, (b) boten kakenhan dhialek nggon-nggonan napamalih idhiolek, (c) gadhah tembung-tembung mathis (basa rinengga, basanipun boten njuwarehi utawa ajeg), (d) wignya ing basa rinengga, (e) wasis olah sastra kadosta paribasan, bebasan, saloka, isbat), parikan, (f) wegig ing kagunan Jawa (tembang lan gendhing), sugih bumbu-bumbu

humor (menawi perlu), menawi cecala ingkang pantes, boten nmenawiggol pribadipun, boten meksa tamu kon ngadeg, basanipun ingkang trapsila, wijang satala-tala, las-lasan ngati-ati nyebut titel lan gelar sanesnipun.

Manut gegebenganipun Respationo (1979:17) pranatacara ugi perlu ngawuningani kawruh dasanama tumrap para paraga ing pawiwahan amrih tembungipun saged gontas-gantos, kadosta tembung:

(1) Pranatacara, dasanamanipun: master of ceremony (MC), pambiwara, pranata adicara, panata titilaksana, pranata laksitaning adicara,

(2) urutan adipuncara, dasanamanipun: rinciking adipuncara, rinciking titicara, reroncening adipuncara, rantamaning adipuncara, runtuting titilaksana,

(3) cucuk lampah: suba manggala, sutra manggala, wimbasara, adipuntama manggala,

(4) sasana rinengga: sasana wiwaha, sasana pinsampung, sasana adipun, dhampar sasana rinengga,

(5) juru paes: juru ngadipun busana, juru ngadipun sarira, juru sumbagatama, juru tata busana, juru pangrengga angga,

(6) panti busana: tepas wangi, panti ngadipun sarira,

(7) sabtatama: wursitawara, ular-ular, mauidzatul khasanah, sabdawara, wewarah adipun, wasita adipun, sabda jati kawedhar.

(8) rantaman adipuncara: reroncen adipuncara, runtuting adipuncara, rinciking adipuncara, cak-cakaning adipuncara, pilah-pilahing titilaksana.

(9) juru paes: juru sumbagatama, juru ngadipun busana, juru ngadipun sarira, juru rias, pangrengga anggatama,

(10) kanoman: pramiladipun, pramuboga, kadang sinoman, pramubojana.

Saking sedana sesebatan makaten temtu saged dipunapalaken. Nanging menawi sampun kulina, sesebatan makaten sampun apal piyambak. Pranatacara menika kedah ngabehi. Liripun, saged nguwasani swasana, trengginas lan ngentasi damel. Boten nunak-nunuk. Mila, perlu sesambungan ingkang sae dhutaeng paraga-paraga sanesnipun, kadosta kadang pramuladipun, juru silem, pangrengga suwara, paramparaning wiwaha, pandhega wiwaha, saha langkung-langkung dhumateng ingkang kawogan.

C. Pranatacara Menika Paraga Hangabehi

Mliginipun wonten ing pranatacara manten, manut Purnomo saha Adi (1998:3) kedah hangabehi. Pranatacara menika kadosdene dhalang wonten ing pewayangan. Langukung-langkung menawi kedah nyandra manten, kedah murakabi samukawis bab. Paraga pranatacara menika pancen komplit, kados-kados sedaya bab kedah nguwaosi. Jejering pranatacara pancen klebet tiyang linuwih. Boten namung linuwih babagan basa saha sastra, ning ugi kagunan sanesipun. Bab menika ingkang njalari saben pranatacara lajeng nyinau pinten-pinten ngelmu, najan boten ngantos lebet sanget. Jembaring kawruh, saya mimbuhi wibawa pranatacara. Ringkesipun pranatacara menika kedah hngabehi, kadosdene dhalang utawi sutradhara kethoprak. Pramila saking menika pranatacara mbetahken paraga ingkang trajang trengginas.

Asring kemawon pranatacara keblusuk dhateng perkawis ingkang salah kaprah, nanging boten dipundhadha. Menapa malih gandheng sipatipun hangabehi, wonten pranatacara ingkang ugi mejang, ular-ular, saha makili kluwarga. Yatmana

(1985:8) paring pangertosan blilih pranatacara menika kedah trengginah, saged nguwaosi kawontenan menapa kemawon. Kawontenan makaten menika jalaran lenggahipun pranatacara menika pancen hangabehi. Pramila manut ahli saha praktisi pranatacara saking wewengkon Kaliwiro Semarang menika, prayogi pranatacara jangkep ngugemi wiraga, wirasa, saha wirama, amrih sampurna tandang grayangipun. Saking kathahipun ayahan, boten mokal yen pranatacara wau asring klenta-klentu, sasar-susur kaliyan ayahan sanes, ngginakaken tembung ingkang salah kaprah nanging boten kraos.

Bot repotipun dados pranatacara pancen kathah. Kadhangkala pranatacara sok dados tiyang kapiran, boten disuguh, dikonngombe, lan paling pait boten dipunmatumuwuni. Menapa malih menawi anggenipun dados pranatacara wau namung climen tur sedherek pisan, asring boten nampi napa-napa. Ngaten menika menawi dhadhanipun boten jembar sok njalari sakit manahipun.

Ewuh aya tumrap pranatacara menika, menawi boten saguh mangke kasungguh etung sanget. Suwalikipun menawi saguh, kok sok boten cetha sembulhipun. Kawontenan ngaten menika asring nuwuhaken raos kirang sekeca tumrap kadang pranatacara. Tiwas gedabigan meres kringet ugi ngulir kawruh, mranatacara gayeng sanget, ning yen boten dipunaosi, salaman kemawon sok boten, jan damel runtik.

Adhedhasar realitas wau, pramila sinten ingkang badhe madeg pranatacara pancen kedah siap mental. Menawi lajeng kekathahen pengarep-arep, mangke menawio boten netes, temtu malah damel jengkel. Pramila wonten saenipun mikir

paitipun kemawon, supados yen pas “teles” saged nampi, semanten ugi menawi pas garing.

DAFTAR PUSTAKA

- Atmasansdjaja, Sutardja. 2003. Tuntunan Medharsabda saha Panata Titi Laksana. Yogyakarta. Absolut.
- Muslich, Muh. 1999. Tuladha Prasaja. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Poernomo, Soenarwan Hadi saha Latimin Winoto Adi. 2000. Buku Tuladha Jangkep Kagem Para Pranatacara. Sukoharjo: Cenderawasih.
- Respationo, Suyadi. 1979. Upacara Mantu Jangkep. Solo: EF.
- Sarwanto. 2000. Wacana Kawedhar. Sukoharjo: Cenderawasih.
- Sugiyo. 1977. Tulaha Medharsabda Adat Tatacara Jawa. Yogyakarta: Bina Karya Ofset.
- Suharjendra, E. 1995. Medharsabda Prasaja. Yogyakarta: Kerta.
- Yatmana, Sudi. 1985. Pranatacara saha Pamedharsabda. Semarang: Aneka Ilmu.

Lampiran: Tuladha Kangge Gladhen Pranatacara

1. Pranatacara Pitulasan (17 Agustus)

Salam pambuka,

Nuwun keparenga kula nigas wawan ginem sagung para pilenggah, nun inggih awit mundhi dhawuh saking kanca-kanca panitia 17-an taun 2007, kula kinen ndherekaken lampahing titicara tirakatan saha mangayubagya HUT Kemri ingkang kaping ..., langkung rumiyin keparenga kula muji syukur dhumateng Pangeran Ingkang Maha Wikan, awit krana hidayah, inayah, saha pitedahipun kula saha Panjenengan sadaya saged kempal ing kalodhangan menika.

Salajengipun, mugi wonten keparengipun kula ngaturaken reroncening titilaksana pahargyan 17-an ing dalu menika: (1) pambuka, (2) lagu Indonesia Raya, (3) ngeningaken cipta, (4) tanggap wacana saking ketua panitia saha ketua RW/RT, (5) istirahat/slundhingan/manasuka, (6) renungan/tirakatan, (7) panutup.

Mekaten menggah rinciking adicara mahargya 17-an. Ngengeti wekdal ingkang sampun ndungkap dalu, sumangga adicara menika tumunten kawiwitan kanthi

ndedonga, mahas ing asepi, nenuwun dhateng Pangeran, kula dherekaken. Salajengipun ndungkap.....(lan sapiturutipun).

(Kapethik saking Wacana Kawedhar, Sarwanta, 2000:17)

2. Pranatacara Maulud Nabi

Assalamu'alaikum warahmatullahi wabarakatuh.

Kairing sagunging kaurmatan, tumanduk sagung para alim ulama, para kyai wa bilkhusus dhumateng ngarsanipun Bapak/Ibu..... ingkang samangke badhe paring tauziah ing pengetan menika, sumrambah sagung kaum muslimin wal muslimah rahimahumullah. Saestu nyuwun agunging pangapunten, kula kepeksa nigas pangandikan sagung para jamaah, inggih awit mundhi dhawuh saking panitia, kinen nglarapaken titicara pengetan Maulid Nabi Agung

Puji sokur tansah konjuk dhumateng ngarsa dalem Gusti ingkang maha Mirah awit saking rahmat barokah saha inayahipun kula dalah jengannika sami saged kempal muajaah ing majlis taklim menika, mugi-mugi tindak panjenengan sadaya ingkang saestu ikhlas dados amal sae ingkang pikantuk ganjaran tikel-matikel wonten ngarsa dalem Allah SWT. Salawat saha salam tansah tumanduk dhumateng junjungan kita nabi agung....., mugi safaat tansah lumintu dhumateng para sahat, langkung-langkung dhumateng umat akhir jaman saha ingkang rawuh ing papan menika.

Sagung para jamaah ingkang dipunrahmati Allah, saderengipun perlu kula aturaken mengguh rantaman titilaksana pengetan ing dalu menika: (1) pambuka, (2) waosan kitab suci Al Quranul kharim, (3) pambagyaharja saking panitia, (4) mauidhatul kahasanah, (5) panutup.

Gegandhengan wekdal tansaya ngangseg, murih saged nggemeni wekdal, sumangga adicara dalu menika kabikak sesarengan kanthi waosan umum kitah liridhoi ta'ala wa safaati rosulillah, barokatil Fatiqah..... Mugi-mugi kanthi waosan kitab panuntuntuning gesang wau, saestu saged rancag pepanggihan dalu menika. Salajengipun.....

Saparipurnaning pengetan menika, mbokbilih angen kula ndherekaken kathah tuni lepat saha cewet kuciwaning tutur, miwah panuntuning ukara ingkang kirang akur, tansah ngandhar-andhar angendhukur, saestu sagung tamu kersaa mbabar wiwaraning aksama. Akhirul kalam billahit taufik wal hidayah, Wassalamu'alaikum warahmatullahi wabaraktuh.

(Kapethik saking Tuladha Prasaja, Muh. Muslich, 1999:18)

3. Pranatacara Halal Bihalal

Assalamu'alaikum wr. wb.

Puji syukur konjuk wonten ing ngayunan pada Allah SWT, ingkang sampun paring rahmat, hidayah, saha inayah saengga kula dalah Panjenengan sadaya saged kempal ing majlis taklim menika. Inggih krana barokah-Ipun, iman, raos entheng, saha kasarasan, saged ndayani kula Panjenengan sadaya ngayahi kewajiban luhur menika. Rahmat saha salam tansah konjuk dhumateng junjungan umat Islam Nabi akhirul zaman, dhumateng para pendherekipun, auliya, wali Allah, suhada wa sholihin, tumedhakipun dhumateng para jamaah rahimakumullah. Allahuma amin.

Hadiratun mukkarromun, dhumateng para kyai, alim ulama ingkang tansah kula dhareki fatwa saha wewarahipun, sagung umaroh, sumrambah kaum muslimin wal muslimat ingkang bagya mulya, mugu wontena keparengipun kula ngadeg ing ngriki kepareng ndherekaken lampahing adicara pengaosan halal bi halal menggah reroncening pengaosan kados makaten: (1) pambuka, (2) waosan ayat suci Al Qur'an, (3) tanggap wacana saking pangarsa panitia halal bi halal, (4) ikrar halal bi halal (sawalan), (5) wosing pengaosan, (6) panutup.

Kaum muslimin, rahimakumullah, sumangga acara halal bi halal siyang menika kabikak sesarengan kanthi waosan ummul kula dalah panjenenganb Al Fatihah....Kanthi wasilah waosan umul Qur'an kala wau, mugu ambuka manah kula saha Panjenengan sadaya saengga kaparingan gampil nampi pitedah utawi mau'iddahtul hasanah samangke, Amin.

Salajengipun ngancik waosan ayat suci Al Qur'anul Karim, ingkang badhe dipunslirani dening adhik saha saritilawah dhimas, sumangga Mugu-mugu krana waosan ayat suci wau, tansah mbabar daya linuwih dhumateng manah kula saha Panjenengan sadaya, saengga wonten pajar kalidamar ing madyaning gesang samangke. Mugu-mugu ingkang maosaken pikantuk ridla saking Allah SWT, dene ingkang midhangetaken ingapuran sadaya dosa-dosanipun, Allahuma amin.

Acara salajengipun inggih menika tanggap wacana saking pangarsa panitia halal bi halal. Dhumateng Bapak Sabar Prayitna, kula sumanggakaken.... Matur nuwun dhumateng Bapak Sabar Prayitna ingkang sampun paring tanggap wacana. Para rawuh, salajengipun ngancik acara pengaosan, pramila saking menika sumangga sareng-areng sumadya nampi mauidhah hasanah, kasuwunaken berkah saking Panjenenganipun Bapak K. H. Warsitajati. Wekdal sumanggsa katur sacekapiun.... Kanthi tawadlu' ing manah, mbokbilih sampun kacekap, kasuwun amungkasi kanthi donga.

Ikhwani rahimakumullah, adicara gumantya adicara, sampun titi tamat lulus raharja, tansah winongwong ing kamirahaning Allah SWT, pramila sumangga adicara menika katutup kanthi waosan Hamdalah. Mbokbilih kathah galap gangsuling atur saha kithaling tembung ingkang kirang nuju ing pranaja, keparenga nglunturaken sih pangapunten.

Wassalamu'alaikum wr. wb.

(Kapethik saking Tuladha Prasaja, Muh. Muslich, 1999:28)

4. Pranatacara Nyandra Manten Maigunakaken Basa Prasaja

Para rawuh ingkang minulya, langkung-langkung para pinisepuh ingkang pantes sinudarsana.

Keparenga kula ngaturaken panyandra dhauping putra panganten ing dalu (utawi siyang) menika. Inggih mijil saking panti busana menika panganten putri, inggih pun Doktoranda Niken Nastiti, dipunkanthi rama ibunipun, inggih Bapak KRT Tejaningrat sarimbit, ginarebeg rayi-rayinipun panganten putri, ingkang racakipun sami mahasiswa lan mahasiswi.

Dene ing sangajenging korining tarub sampun samekta sang panganten kakung, inggih pun Dktorandus Marmo Sujalmo, dipunkanthi rama ibunipun. Inggih Bapak Letnan Kolonel sumarmo dalah ibu; dene ombyonganipun para rayi lan sanak kadang ingkang racakipun para taruna Akabri.

Dumugi korining tarub, sakderengipun nindakaken upacara panggih, putra panganten kekalih sami tempuk ing pandulu, sawang-sinawang lajeng mesem karenan, jeng Niken Nastiti ingkang bintangipun Libra, kebak panglimbang ounika sajakipun enget dhateng Mas Marmo ingkang bintangipun Pisces manika kados ulam ingkang lumunyu. Anging dhasar Jeng Niken menika nastiti, adhi kelas ing jurusan Nusantara Fakultas Sastra Universitas Gadjah Mada wau saged nyepeng manahipun gengantilinging manah. Witing tresna jalaran saka kulina. Saben-saben sesarengan mlebet wande sekul pecel ing Bulaksumur, akiripun kok inggih sami nindakaken upacara panggih ing dinten menika.

Lha menika, panganten putri mbalang sadak, winales ingkang kakung ugi mbalang sadak, menika pralampita utawi lambang tumanduking tresna winales tresna. Sadak menika sedhah linting tinangsulan lawe pethak dados kakung putri kadya suruh lumah lan kurepe, sinawang seje rupane, ginigit padha rasne. Nadyan kakung lan putri menika, beda, anging wiwit dinten mnika manunggal ing raos, tinangsulan ijab suci, badhe sami kenceng ing pangudi.

Rerangkening upacara panggih saklajengipun, panganten putri nyiram tumper. Piwulangipun: yen kakungipun saweg dhog kondur saking makarya, kapapagna mawi esem ingkang damel asreping panggali, boten ujug-ujug kok dipapag ulat peteng utaei mbakakaken reribet. Kekalihipun lajeng nglangkungi rakitan, inggih oasangan maesa utawi lembu menika pralampita yen kakung lan putri sampun dipunpasangi sakrakit, mila samia sesarengan ngangkat manggul jejibahan kanthi sanggem.

Ibu sesepuhing upacara lajeng ngasta tigan, kadumukaken ing palarapanipun panganten putri, lajeng kasawataken ing siti ngantos pecah, ambyar. Menika pralambang babaring wiji. Pangajabipun para sepuh: mugi-mugi boten dangu malih putra panganten lajeng pinaringan momongan inggih pasihaning Gusti ingkang wajib ginulawenthah kanthi premati lan kebak sih katresnan.

Para rawuh, samenika sampun paripurna upacara miturur naluri tatacara, panggih dhauping putra panganten. Mila brayat anyar Bapak Dktorandus Marmo Sujalmo sekalian nunten badhe ngabyantara ing ngarsanipun para tamu, kanthi lenggah jajar wonten ing dhamparing wiwahan. Matur nuwun awit kaparengipun sami paring pakurmatan. Dene panganten sarimbit ingkang mangagem busana kadya narendra lan prameswari, jer samangke sami jumenengan didws nata saari, sami nyuwun paringipun sih arupi donga pamuji, mugi-mugi anggenipun mabngun brayat anyar tansah jinangkung ing Pangeran, winantua ing karaharjan, tinebihna ing karibedan. Nuwun.

(Kapethik saking Tuntunan Sesorah, 2003:32)

